

Mirabale

Transkripsyon Focus Group Mirebalais

Patisipan

#1 Dubuisson Fleubert ; Gason ; 50ane; 3timoun; Kiltivate; 2ane nan Selil ; 5yem segonde;

#2 Guervil Melem ; Gason; 32ane; Kiltivate; 3ane nan Selil; 4yem ane fondamantal;

#3 Pierre Jn Ronald Gason ; 27ane; Okenn; Organizasyon Prezidan; okenn ane nan Selil; Filo;

#4 Israel Symader ; Gason; 39ane ; 6Timoun; Mekanik ; Okenn 9yem ane;

#5 Joseph Aceus; Gason; 44ane; 1Timoun; Kiltivate, Mason; 2ane nan Selil; 3yem Segonde

#6 Sanon Celo; Gason; 68ane; 7Timoun; Kiltivate; 1ane nan Selil Okenn;

#7 Poto Etrend; Fanm ; 60ane; 9Timoun; Machann; 1ane nan Selil; Okenn

#8 Andrew Guerivil; Gason; 42ane; 6Timoun; Kiltivate; Okenn; Mwayen2;

#9 Jn Sauveur Gueriville ; Gason ; 55ane ; 1Timoun ; Kiltivate; 3ane nan Selil ; 2yem ane ;

#10 Jn Jacques Sanon; Gason; 70ane; 12Timoun ; Kiltivate; 3ane nan Selil ; 6yem ane ;

#11 Nickes Jn Louis Gason; 64ane; 6Timoun; Kiltivate; 3ane nan Selil ; 6yem ane;

#12 Romelus Suzette; Fanm; 30ane; 5Timoun; Machann; 3ane nan Selil; 8yem ane;

#13 Mode Milien; Fanm; 50ane; 7Timoun; 3ane nan Selil; Okenn;

#14 Sanon Nadia; Fanm; 32ane; Machann; 1Timoun; 4ane nan Selil; Segond;

#15 Gerome Marie Lourde; Fanm; 58ane; 7timoun ; Machann; 4ane nan Selil: 2yem
ane ;

#16 Bleus Marc; Gason; 34ane; 2Timoun; Pwofese; 5 ane nan Selil; Filo;

17 Levy Frisnel; Gason; 29ane; 1 Tmoun; Kiltivate; 3ane nan Selil; Inivesite

;

18 Anne Josline; Fanm; 55ane; 8Timoun; Machann; 2ane nan Selil; Okenn;

19 Celilien Frnatz; Gason; 17ane; Okenn; Kiltivate; 2ane nan Selil; 6yem ane;

20 Jeune P. Janot; Gason; 40ane; Okenn; Kiltivate: 3ane nan Selil; 9yem ane;

#21 Calixte Wilguentz; Gason; 24ane; Okenn; Etidyan; Filo;

22 Zavieux Jeune; Gason; 65ane; 4timoun; 3ane nan Selil ; 3yem segonde;

#23 Alxandre Chenel; Gason; 29ane; 1timoun; Kiltivate; 3ane nan Selil; 6yem ane;

24 Joseph Lougeuntz; Gason; 19ane; Okenn; Mekanik; 3ane nan Selil; 3yem Segonde;

25 Pierre Mirlande; Fanm; 44ane; 7timoun; Machann ; 3ane nan Selil ; 7yem ane ;

26 Gabriel Nerold; Gason; 25ane; OKenn; Kiltivate; Okenn; Segond;

#27 Ivel Gabriel; Gason; 35ane; 2timoun; Kiltivate; 3ane nan Selill; 3yem ane;

28 Ivonise Norceus; Fanm; 35ane; 3timoun; Machann; 2ane nan Selil; 1ye ane;

29 Alexis Lomise; Fanm; 40ane; 6timoun; Machann; 2ane nan Selil; 6yem ane;

30 Loussaint Michel; Gason; 73ane; Kiltivate ; 5ane na Selil ; Okenn

"Anpil patisipan nan Fokis gwoup sa a te anreta, sa koz ke yo pa idantifye"

Entwodiksyon

Bonswa. Koman nou ye? Mwen kontan ak nou jodia. Pwogram mango a li gen plizye reprezantan ou pesonaj ladann. N'ap prezante ladan yo de (2) ke nou tout ka konnen se BELRIVE ak CLINTON. Yo la pou fe pwogram nan avanse. Se gras ak yo tou ki pemet pwogram sa ekzekite sou teren an. Pwogram sa rive posib gras ak kelke organizasyon e kelke konpayi ki deside mete kob yo ansanm pou avansman pwogram sa. Pami yo nou gen Coca Cola, BID, USAID, ak Teknosev ke nou konnen deja. An 2013 nou te fe yon etid sou pwogram mango a. Jodi a nou pote rapo sa nou te jwenn bay ou. Paske se gras a patisipasyon kelke nan nou ak anpil lot pwodikte mango nan plizye lot zonn kite fe etid sa te yon sikse. Gen bagay nou pral prezante la nou ka we petet ke yo pa reflete reyalite nou menm bo isit la. Pa enkyete'w paske kom mwen di'w sa deja etid sa te fet nan plizye zon diferan. Pa ekzanp Gwomon, Mayisab, Tomond, Mibalè ak Eneri. Nan sa nou pral prezante ak ou yo, li ka posib ke nou rive yon kote nou bay yon enfomasyon epi ou te vle ajoute kek bagay. Oswa ou ta vle aksantye sou li. Selman leve chif ki nan men ou a epi, n'ap ba'w lapawol.

Pwogram mango se yon bagay nou konnen deja, objektif pwogram nan se:

1. Montre kijan nou ka fe pwodikte pwodwi plis mango.
2. Pwodwi de meye kalite de mango. Sa vle di nan fason n'ap pwodwi mango si yon pwodikte te gen 3 pye mango kite konn ba li 2 ou 3 douzen mango.
Pwogram sa la pou'l pemet li ak menm 3 pye mango sa rive pwodwi 4 ak 8 douzen mango.
3. Lot objetif la se pemet pwodikte pwodwi meye kalite mango. Pwodikte yo vin genyen pwop teknik kijan pou plante, trete, keyi, pou li ka fe plis kob.
4. Lot objectif pwogram sa vize se montre kijan pwodikte kapab transpote mango yo de fason pi konfotab.
5. Lot aksyon pwogram sa fe pou pwodikte yo se pemet yo jwenn kredi. Sa vle di pemet yo jwenn yon ti lajan pou mennen lot aktive apa de mango. Ki donk, pwodikte ki swiv pwogram sa li pemet yo retrase tout sa yo te fe pandan ane pase yo nan zafe mango a. Ki pemet yo fe fich, yo note tout antre soti yo fe. Ki donk, pwogram sa fe pwodikte a konsidere zafe mango a tankou yon bisniz.

Pwogram nan te oganize pwodikte yo an Selil. Pwogram sa pemet moun ki nan Selil yo transpote mango yo direkteman nan izin ki pral ekspote mango a.

Objectif etid sa nou te fe yo, e sa n'ap fe kounya yo se evalye sitionyation prodikte mango yo. Tankou sa nou te fe an 2013. Gade si pwodikte yo ap fe plis kob tout bon. Epi cheche konnen si pwoje sa ta refet anko kisa ki ta dwe fet pou li ka mache pi byen ke jan li te ye a.

Kiyes nou ye ?

Nou se yon ekip ki fe rechech ki rele Socio Dig. Se nou menm Teknosev te chaje pou nou te fe etid sa. Nou te la an 2012. Epi nou te la en 2013. Jodia nou ap travay pou Teknosev. Men nou travay avek tout moun. Si kom pwodikte nou ta gen yon sije nan pwodiksyon mango a nou pa konprann nou menm nou ka travay pou ou tou. Nan ekip la pou jodi a nou gen avek nou Mesye Tim ki se chef ekip la. Mwen se Pharel, Almathe, epi Egain. Nou gen avek nou Isaac ke nou tout la konnen deja.

Ki kote etid sa te fet ?

Etid sa te fet nan Plato Santral ak Atibonit nan plizye komin tankou Gwomon, Tomond, Veret, Mayisad, Enri, Mibale, Tirivye. Nou te pale ak 691 moun,. Nan 691 moun sa 422 se moun ki nan Selil ak 269 moun ki pat nan Selil.

Kisa nou te jwenn nan menm moun sa yo.

- 90% nan moun sa yo gen mango fransik.
- 70% moun gen mango blan.
- 52% moun gen mango fil.
- 48% moun gen mango kon.
- 26% moun gen mango kodok.
- 4% moun gen mango carot.

- 1% gen mango lot yo.

Pou nou konprann metod pousantaj la, le wap pale de pousantaj wap pale de 100. Pa egzanp si nou gen yon popiplasyon de 100 moun. Nou seleksyone 10 nan moun yo, 10 la se 10% nan popilasyon an sou 100 an. Si nou pran 20 se 20% nan popilasyon an sou 100 an.

Nou te gen yon kategori de 3 kalite gwooup moun.

1. Moun ki pa nan Selil ki pa vann mango nan Selil nan ane 2013 sou 100 gen 85% gen mango fransik.
2. Moun ki nan Selil ki pa vann mango nan Selil an 2013 sou 100 gen 93% ki gen mango fransik.
3. Moun ki nan Selil ki vann mango nan Selil an 2013 97% la dan yo ki gen mango fransik.

Chanjman kob Pwodikte yo jwen nan zafe mango a akoz de pwogram nan.

1. Gen 8,000 moun ki se moun ki pa nan Selil ki jwenn yon ogmantatyon de 25% nan vann mango akoz en 2013.
2. Gen 6,000 moun ki nan Selil men ki pat vann ak Selil nan 2013 ki jwenn yon ogmantasyon de 50%.
3. Gen 2,000 moun ki se moun ki nan Selil epi te vann ak Selil nan 2013 ki jwenn yon ogmantasyon ki depase 100%.

Nou konstate gen yon gwo avantaj pou moun ki nan Selil ki vann mango ak Selil. Paske malgre yo mwens men yo plis jwenn avantaj gen yon gwo ogmantasyon pou yo.

Prezantasyon kountinye pale sou mwayen pye mango Pwodikte genyen nan ane 2013 la

Pwodikite ki pa nan Selil gen an mwayen de 4 pye mango. Pwodikte ki nan Selil men ki pat vann ak selil gen an mwayen de 5 pye mango. Pwodikte ki nan Selil epi vann ak selil gen yon mwayen de 7 pye mango.

Koman nou fe jwenn mwayen? Pou jwen mwayen, se pa egzanp nou pran 10 pwodikte mango. Epi nou mande chak nan yo konbyen pye mango yo chak genyen. Nou pran kantite pye mango chak genyen nou adisyone'l. Epi nou divize'l pa 10. Chif nou jwenn nan ap ban nou an mwayen konbyen pye mango chak pwodikte genyen.

Prezantasyon kontinye pale sou kantite ti pye mango chak kategori pwodikte plante nan ane 2013 la.

Pwodikte ki pa nan Selil gen 85% nan yo ki plante ti pye mango. Pwodikte ki nan Selil men ki pa vann ak Selil 79% plante ti pye mango. Pwodikte ki nan Selil epi vann ak Selil 84% plante ti pye mango.

Kisa nou remake? Koman fe se moun ki fe mwens kob ki plante plis mango ?

#1 Dubuisson Fleubert; Gason; 50ane; 3timoun; Kiltivate; 2ane nan Selil; 5yem segonde; Se ke li plante pou'l fe plis. *S'il plante plis mango li vann a mwens lajan ke l'ap, l'ap fe plis. E sa'k pemet ki fe li vin plante plis mango de kwa pou'l ka fe plis kob.*

Si yo ap fe plis kob ? Poukisa yo pa fe yon fason pou yo plante plis mango pou yo fe plis mango toujou?

#1 Dubuisson Fleubert; Gason; 50ane; 3timoun; Kiltivate; 2ane nan Selil; 5yem segonde; *Non .Se paske nan fomasyon ke yo pran yo pa oblige, yo pa observe tout le teknik. San dout paske yo oblige fe plis tretman nan sa yo genyen.*

Sa yo se moun ki nan fomasyon yo?

#1 Dubuisson Fleubert; Gason; 50ane; 3timoun; Kiltivate; 2ane nan Selil; 5yem segonde; *Moun ki nan fomasyon yo.*

Yo plis ap trete sa yo genyen?

#1 Dubuisson Fleubert; Gason; 50ane; 3timoun; Kiltivate; 2ane nan Selil; 5yem segonde; *Sa yo genyen pou yo jwenn plis mango.*

Men moun ki pa nan Selil yo kontinye ap plante plis ke yo?

#1 Dubuisson Fleubert; Gason; 50ane; 3timoun; Kiltivate; 2ane nan Selil; 5yem segonde; *L'ap plante dekwa pou'l ka jwenn plis pahe***[1]** *limenm li vann pou mwens kob.*

(Kout silans ,ak bri yon bagay tankou yon jeneratris)

Genle se Animate ou ye ?

#1 Dubuisson Fleubert; Gason; 50ane; 3timoun; Kiltivate; 2ane nan Selil; 5yem segonde; Mwen m'se ajan Selil.

(Plizye moun ri)

Pa gen lot moun ki t'ap di anyen sou sa?

Patisipan pa idantifye : N'ap di wi men le a poko rive.

Prezantate a kontinye pale sou remak yo fe nan chanjman ki genyen nan fason mango yo distribiye, soti nan 20 gress pou yon douzen rive nan 14 gress. Prezantate a di piblik la, se sa nou remake tou ?se konsa li te konn ye oparavan ?

Piblik : Non.

Bon map pale de avan pwogram.

Yon patisipan di : 20

#1 Dubuisson Fleubert; Gason; 50ane; 3timoun; Kiltivate; 2ane nan Selil; 5yem segonde; *Avan pwogram nan li te konn 20.*

Yo te konn pran douzen nan a plis?

(Plizye moun ap pale an menm tan)

Non avan sa?

Patisipan pa idantifye : (Tankou le Voltije vini).

Men eske yo achte pa douzen le konsa?

Piblik : *Wi yo konn achte pa pye oubyen pa douzen.*

Eske nou konn vann pa panye

Piblik : *Panye. Se madan sara ki achte pa panye.*

Avan pwoje a nou te konn vann Voltije pa douzen?

Piblik : *Wi.*

Se voltije selman ki achte pa douzen?

Patisipan pa idantifye : *Y[2]’achte pye tou.*

Le yo achte pa pye li pa regle an douzen ?!

Patisipan pa idantifye : *Non depi y’achte pye a li pa o depan de nou anko, paske mango yo pou yo.*

Avan pwogram nan konbyen gress yo te konn pran pou on douzen ?

Piblik : (*Bon ! nenpot 20,21), (genyen’k konn pran dizwitèn (18èn)), (li varye), (gen[3]’k konn pran 15 tou), (plizye moun ap pale anba)*

#1 Dubuisson Fleubert; Gason; 50ane; 3timoun; Kiltivate; 2ane nan Selil; 5yem segonde; *Wi. Avan yo te konn pran mango. Mwen menm m’té konn achte mango.* (bri plizye moun ki ap pale). *Le moun nan, si pa egzamp yon founise neke[4] pare li ba’w mil dola (\$1000 Ht ou 5000 goud). Li konn achte mango. Si’w al achte pye mango ou pa avataj oumenm ki pwodikte k[5]’al achte mango a. l[6]’achte pa douzen paske le pou’y ap. Pou’y fonksyone gen anpil mango,(blablabla) Pa egzamp. Ou menm ou panse se yon douzen mango. Se ke moun sa jodi a alfe 10 gress. Li pran mango a a 7 epi mango a vin a 17. Men met mango a pa janm konn ki vale mango ke’l pran pou douzen nan.*

Sa rive le li achte pa pye?

#1 Dubuisson Fleubert; Gason; 50ane; 3timoun; Kiltivate; 2ane nan Selil; 5yem segonde; *Si l'achte pa pye se moun nan'k konte 20 mango a. Men toutotan y'achte mango a pa douzen nan men pwodikteu***[7]** *a, pwodikte a pa konn ki valè mango ke'l pran pou douzen.*

Menm ke li achte pa douzen?

#1 Dubuisson Fleubert; Gason; 50ane; 3timoun; Kiltivate; 2ane nan Selil; 5yem segonde; *Wi li pa konn konbyen'l pran pou douzen.*

Li pa gen kontwol sou konbyen li pran pou douzen nan?

#1 Dubuisson Fleubert; Gason; 50ane; 3timoun; Kiltivate; 2ane nan Selil; 5yem segonde; *Non, li pa konn konbyen'l pran. pase***[8]** *mwen di'w le w'achte. Mwen m'al achte mango nan men Pwodikte mwen di'l m'ap pran mango a a 20. Men mwen se 7 gren mango m'retire nan seleksyon mango ke'm seleksyone a mwen mete sou kote. Paske kounya le Pwodikte a panse se 7 m'fe. Se (pawol la pa kle) m'fe, men m'fe (pawool la pa kle) gress. Mango'm nan depase 10 gress mango. (Pawol la pa kle)*

Se ou ki sanse konn sa ?

(Plizye moun ap pale an menm tan)

M'pa fin two kle sou kesyon douzen nan, gen moun ki di 18 gen moun ki di 20. Eske gen yon moun la ki ka fe sa kle pou mwen souple?

#1 Dubuisson Fleubert; Gason; 50ane; 3timoun; Kiltivate; 2ane nan Selil; 5yem segonde; *Non men nan moman yo te di sa (li pa pale kle) yo pat ko nan pwogram. Yo pat ko nan fomasyon (pawol la pa soti kle). Men tan pou'l gate nan men yo y'oblige bay li (blablabla).*

Si'm vin achte mango nan men'w ou pa di'm konbyen ki nan yon douzen, ni ou pa kite'm di'w konbyen mwen vle pou douzen nan? Konbyen ki yon douzen kounya ?

Piblik ; (Douz). (se douz, douz)

Nou te konnen sa avan pwogram nan?

Piblik : *Nou te konnen.*

Patisipan pa idantifye : *Non, nou te konnen men le'w gade koman mango a ap gaspiye nan men nou. Le yo vini kounya nou oblige ba yo'l.*

(Jan yo vle pran'n nan konsa'w ba yo'l).

Piblik: *Riii.*

Eske nou pa konn negosye avek yo, ekzanp di :"non se 17 m'ap ka ba'w pou yon douzen epi rete sou pawol nou?"

Plizye patisipan reponn an menm tan : (*Nou gendwa di'l non pa gen preuv***[9]**), (*Nou konn redi ave'l pou di nou pap bay li zo wi*), (*men w'oblige kanmem ou bay li*)

(*plizye moun ap pale ansanm,pawol yo pa kle*), (*wi nou negosye apre nou bay li*).

Eske tout Voltije toujou pran menm kantite nan ane a?

#1 Dubuisson Fleubert; Gason; 50ane; 3timoun; Kiltivate; 2ane nan Selil; 5yem segonde; *Yo, yo konn vini. Konn gen konkiran antre yo menm pahe***[10]** *genyen'k konn vini li prann a 20. Epi nan demen si Dye ve m'we yon lot ki vini li di l'ap pran'l a 17. Men si e menm jou a yo vini ou ka di monche ou pap bay li a 20 se a 17 ou pral vann.* (*yon patisipan komanse pale tou ba :"li di'w 14, le'l di'w 14 la ou nan 18*).

Kounya se 12 grenn li ye toujou ?

Piblik : *Kounya se 14.*

Se a 14 nou vann Voltije yo?

Patisipan pa idantifye : *A 14 Paske nou gentan konnen koman bagay la ye kounya.*

Si ou ta bezwen kob men li di'w se a 18 l'ap pran douzen nan ?

Patisipan pa idantifye: *Nou pap bay li.* (plizye moun ap pale an menm tan).

E si'w pa jwenn vann yo?

(plizye moun ap pale an menm tan).

Yon patisipant ki pa idantifye di: *N'ap mete li nan panye*

(plizye moun ap fe ti pale).

26 Gabriel Nerold; Gason; 25ane; OKenn; Kiltivate; Okenn; Segond; *Nou pap bay li. Nou pap ka aksepte anko. Daye yo menm yo te we kle. Nou pat we kle. Nou vin we kle. Kounya l'ap, l'ap difisil pou'l (moun ki ap pale kouvri res pawol la).*

Ok sa vle di depi nou fin antann nou a Voltije a, nou al nan jaden an ave'l, nou annek kite'l ranmase san nou pa kontwole nou menm?

Patisipan pa idantifye : *Non, pahe[11] fo'k nou la.* (yon patisipan di : Lontan). *Lontan nou te ka aksepte'l ave'w men kounya non. Fo'k nou la pou nou we si'w pran 14 vre. si'w mete de gress sou kote le'w vini fo'w regle'l. Pa blyie sa'w ta pral di a.*

Depi kile je nou louvri?

Piblik: *Pandan nou nan Teknosev.*

Eske n'ap toujou fe negosiyasyon an menm jan menmsi gen mango ki pa telman bel?

2 patisipan di: (*Mango reje*) (*reje mango*).

Eske se 14 w'ap vann mango kon tou?

Piblik : (*Yo pap achte'l tou*), (*yo pa achte'l*), (*se mango Fransik ki priyorite pou nou*).

Eske ou konn vann mango kon ak mango blan pa douzen?

Piblik : *Non pa panye. (pa panye oubyen pa pye).*

Men ou konn achte mango Kon pa douzen?

Piblik : *Non.*

Ebyen bagay douzen nan se pou izin selman, se yon bagay Teknosev?

Piblik : *Wi.*

Eske nou pale de douzen pou lot bagay anko ?

Yon patisipan di : *Non, selman mango a.*

Plizye moun repete: *Selman mango.*

Selman mango ? nou pa konn achte klou pa douzen ?

Piblik : *Wi n'achte pa liv. pa liv.*

Nou konn achte pa douzen, nou pa konn achte zoranj pa douzen ?”

Piblik : *Wi.*

An nou kontinye prezantasyon an n'ap retounen sou koze sa apre.

Avan pwogram nan ane 2010. Yon douzen mango te 20 gress mango. Nan ane 2013 douzen vin 16 gress. Kounye a, an 2015 yon douzen mango se 14 gress mango li ye.

- *Pou moun ki pa nan Selil. An 2010 yo te konn vann douzen mango 14 goud. An 2013 douzen nan vin 16 goud. Epi kounye a an 2015 douzen monte a 20 goud. Gen yon pouvantaj de 43% ogmantasyon nan kob yo te konn fe a.*
- *Pou moun ki nan Selil men ki pa vann direkteman ak Selil. Soti nan 14 goud an 2010. 20 goud an 2013. Epi rive a 28 goud kounye a an 2015 pou yon douzen. Gen yon pouvantaj de 100% ogmantasyon nan kob yo te konn fe a.*

- Pou moun ki nan Selil epi ki vann avek Selil an 2010 douzen se te 14 goud. An 2013 douzen nan te 28 goud. Kounye a an 2015 douzen nan vann 42% goud. Gen yon pouvantaj de 200% ogmantasyon nan kob yo te konn fe a 2015.

Patisipan pa idantifye : *Wi g'on***[12]** gress bagay ou di la m'poko kle ladann. Ou demonstre'n, ou demonstre'n kote menm si moun nan pa vann a izin li vann li 28 goud. Konnya**[13]** ou ka di nou ki pwofi, kote moun sa pase ki fe'l vann li a 28 goud ?

Non sa nou vle montre'w se ke anvan pwogram nan mango a te 14 goud, kounya gras a pwogram Teknosev la mango a soti 14 goud li rive 28 goud. Se vini pwogram nan. Avan pwogram nan te vini moun ki pa vann avek izin yo yo te konn sot. Yo soti nan 14 goud pou rive nan 28 goud. Gras a pwogram nan Voltije yo oblige konfome yo. A pati de chanjman sa, si yo ta di nou yo pap pran'l 28 se 20 y'ap pran'l, ou pap bay li. W'ap bay li?

Piblik : Non.

Ou chaje lot kote ou ka al vann mango ou. Si yon moun ba'w yon pri ki pa bon pou ou, ou pap reziyen'w ou ba li'l. Ane sa yo te di yo pap pran tout mango a, kisa nou te fe ak res la ?

(Plizye moun ap pale an menm tan pandan on bon ti tan)

#15 Gerome Marie Lourde; Fanm; 58ane; 7timoun ; 4ane nan Selil ; 2yem ane ; *Le yo vin pa pran mango a. Paske menm izin nan. Mwen m'te gen mango m'kite'l sou kont izin nan. Le madan, le lot moun yo vini. Voltije vini y'ap pran mango a. Mwen menm mwen te rete m'ap tann pou izin nan voye. Pou'm te keyi mango a bay. Yo pa vini. Le'm we sa m'pedi anpil mango nou oblige achte panye pou 440 dola (\$440HT ou 220ogoud) pou'm kab***[14]** pote mango a al vide Potoprens.

Eske se lot izin wa'l bay li Potoprens?

Piblik: Non li vin, li vin li vin li vin travay kom yon Madan Sara.

Ahh ok ou al vann yo oumenm?

#15 Gerome Marie Lourde; Fanm; 58ane; 7timoun ; 4ane nan Selil ; 2yem ane ; *M'oblige m'al vann yo mwen menm. Paske m'pat jwenn moun pou yo keyi'l nan izin. Pou yo keyi'l, pou'm te voye'l bay.* (Anpil lot ti pawol kip a soti)

Ou te vann lot machann yo pou yo revann, oubyen ou te vann yo poukонт ou?

#15 Gerome Marie Lourde; Fanm; 58ane; 7timoun ; 4ane nan Selil ; 2yem ane ; *Wi m'pote'l lavil al nan panye.*

Ou al vann yo nan mache oubyen ou ponmenen[15] yo nan lari?

#15 Gerome Marie Lourde; Fanm; 58ane; 7timoun ; 4ane nan Selil ; 2yem ane ; *Nan mache, m'al vann li potoprens.*

#2 Guervil Melem; Gason; 32ane; Kiltivate; 3ane nan Selil; 4yem ane fondamantal; *Gen yon bagay Teknosev fe tou. Li te ankouraje fe (blablabla) pi byen. Fe veje mango.* (yon aparey elektwonik ap fe bip,bip,bipbipbip). (patisipan kontinye pale ba). *Men tank. Pou le moman ane sa la. Nou preske we nou dekouraje paske nou poko jwenn li.* N'al nan izin paske nou pa vreman g'on[16] mache pou vann. *Paske le nou keyi mango a li. Izin nan bloke. Kamyon mango yo pedi.* (vwa yon timoun ki ap fe bri). *Kounya la sa rann ke nou preske* (yon patisipan di dekouraje) *dekouraje plante mango.* *Paske yo te vin avek pwogram nou fe veje.* *Nou fe gref sou lot mango yo.* *Tandike ke nou vin we nou pap ka jwenn mache pou'n rive a mango nou an.* Vann mango nou an. *pase[17] si nou gen kote k'ap pran mango nou an.* *Veje mango nou fe yo ap vin donne.* M'sonje ane 2013 nou te mand'on[18] kantite mango. Ayiti pat ka bay li. *Kounya yo tou di yo pa jwenn kantite mango.* Pou ane 2015 lan la, mango nou yo oblige gaspiye anba izin. *Gen depafwa le n'al a yon kanon mango open nou gendwa soti isi avek yon 8 douzen mango.* Le'n rive anba isi li telman fe tan. Fe nenpot 3,4jou. *N'ap reyisi a k'enpot[19] 600,350.* Sa vle di kiltivate yo vin dekouraje nan fe veje. *Paske se sel ka madan Perry Selil yo gen kontak pou yo vann mango.* Pou yo achte ka madan Perry. Yo pa gon lot. *Tankou si le yo t'al a mango a ka madan Perry pat gen kote.* Nou te g'on[20] lot mache nou te ka al vann yo. *Li pa tap gaspiye.* Epi g'on g'renn bagay anko tou. Si nou afilye a madan Perry n'ap fe komes. Nou organize Selil. G'on g'renn bagay reskonsab[21] yo te ka fe. Poutan voltije madan Perry ap pran mango yo. Pwodikte yo te ka kanpe yo. Sa vle di Selil yo. Eee voltije yo'k bay Selil

yo (yon patisipan di : ki bloke Selil yo). Paske m'ap di sa. Mwen enm[22] s'on[23] ekspedite ki konn transpote mango Potoprens nan Izin nan. M'konn ap fe 3 jou. 3 jou, 4 jou m'paka vin lakay mwen. Mango a rete, li gaspiye. Se sa'k fe m'di sa. Mwen menm m'pa konn pou tout plante yo. M'we g'on dekourajman nan fe veje, plante plis mango. M'tap swiv yon plantè ki pap vann anndan Selil ki plante plis mango ke yon plantè ki anndan Selil. Plantè k'anndan Selil la vin we, si'l kontinye plante mango (vwa yon ti pou'l ki ap fe piyanp, piyanp). Pi devan, yo pap ka jwen mache pou yo vann li se sa'k fe. Ee nou menm ee plantè yo ki enfome. Epi nou kapab di sa tou. Teknosev kalifye nou pou plantè an Ayiti. Li fe nou konn bout mango a. Kijan mango a ye. Li fe nou trete mango a tou. Li ba nou enfomasyon pou nou trete mango a pou'n pa pedi'l. Pou'l fe bon kalite mango. Men e pwoblem sa nou vin kontre avec 2015 lan la. Mango nou pedi anpil anpil. Selil (blablabla) net paske yo pedi. Moun nan. Moun nan tonbe vann mango nan Selil la. Le pou'l touche'l li pa ka touche paske mango pedi anba.

A ki pri ou vann mango le wale Potoprens #15?

#15 Gerome Marie Lourde; Fanm; 58ane; 7timoun ; 4ane nan Selil ; 2yem ane ; Mwen menm. Nou vann panye mango a 30 dola (\$30Ht ou 150 goud) Potoprens. Akoz. Sa'k fe nou oblige al vann mango a. Paske gen moun bo lakay nou le pou nou ta keyi mango a pou nou ta bay. Nou pa ka jwenn moun pou keyi mango a 1. Epi le nou fini anko nou pa kapab. Moun ki al vann mango anba, anba izin nan. Yo pa janm retounen. Mango, mango ki pou t'ale deja menm ap pouri. Paske prep-eee Voltije yo menm ap bote mango a ale. Nou menm ki nan Selil la ki pou ta bay mango a nou pa ka jwenn possiblite pou nou bay li nou menm.

Le'w di ou pa ka jwenn moun pou keyi mango, eske se Voltije ou vle di ou pa ka jwenn pou keyi yo a?

#15 Gerome Marie Lourde; Fanm; 58ane; 7timoun ; 4ane nan Selil ; 2yem ane ; Non, moun k'ap keyi a. Nou pa fe. Nou fe. Moun Selil yo poko. Poko vini mango a ale. Pa gen moun ki ka vini koulyya[24] oumenm mango pa'w la ret ate k'ap gaspiye. oumon[25] w'oblige keyi'l.

Konbyen douzen mango fransik yon panye pran ?

#15 Gerome Marie Lourde; Fanm; 58ane; 7timoun ; 4ane nan Selil ; 2yem ane ; 5 douzen, 6 douzen.

(plizye lot moun ap pale tou ba)

(Silans)

(vwa yon kok ki chante)

Eske gen yon lot moun ki vle ajoute yon bagay?

Yon patisipan di : Non.

Ebyen n'ap avanse, Eske le machin nan vin pran mango a nan Selil la pot nan izin nan toutotan li pa tounen nou pa ka pran mango anko?

(Plizye moun ap pale an menm tan)

26 Gabriel Nerold; Gason; 25ane; Okenn; Kiltivate; Okenn; Segond; *Non pase moun ki ale avek mango a. Fo'k li rele pou'l di'l pase avan. Si pou'n travay met la pou li. Pou'n travay met la pou li.*

Le'w di pou'n travay pou li a, ou vle di pou'n keyi anko?

26 Gabriel Nerold; Gason; 25ane; OKenn; Kiltivate; Okenn; Segond; *Pou'n keyi anko pou'l ka ale. Pahe pi gwo difikilte nou gen lotbo a. pahe***[26]** *le'w riv'anba izin nan. Eee Voltije yo Le yo vin a pil mango yo. Yo rete, yo dou'w***[27]** *ditan***[28]** *yo pa pase nou menm nou pa ka pase. Epi e poutan nou menm n'ap sibi fomasyon. N'ap pran fomasyon pou'n di konsa ke Mango fransik la men ki enpotans li genyen. Men kijan pou trete'l. Men ki mache'w gen pou'w al vann li. Epi le'w rive se mize w'al pas'anko***[29]**.

Komsi m'tande'w di le nou rive nan izin Voltije yo pase avan nou, fe yon ti eslike nou sa?

26 Gabriel Nerold; Gason; 25ane; OKenn; Kiltivate; Okenn; Segond; *Oh ! bon dapre, dapre mwen menm. Si nou te fe menm jan a***[30]** *yo. Yo te ka met men sou yo. Neg la ap bare'w li di'w ditan mango'l la pa pase devan'w lan oumon'w***[31]** *pap pase.*

Nan ki Selil ou ye ?

26 Gabriel Nerold; Gason; 25ane; Okenn; Kiltivate; Okenn; Segond; *Gad, gad, le w'ap gade anndan an gen 4 tab. Ou te ka di monche 2 tab pou Voltije. 2 Tab pou Selil.* Nou ta pase. (Voltije yo pran tout tab yo ?) *Voltije yo anvayi anndan. M'ale a yon mango m'fe 4jou anndan. M'al'avek [32] 426 douzen mango. Le yo kontwole m'jwen 126. Tout mango mi. Lo [33], le Perry paret ou di'l reje mango yo kisa w'ap fave yo bon'l mande'w konsa si'w pa ka manje yo?* (piblik :ri). (**Perry ki di sa oubyen madanm li ?**) *Perry k'di [34] sa. Mesye a. Mesye a. Li mande'w si'w pa ka manje yo. Poutan si nou te ka. Si se pou manje nou te ka nek [35] koupe yo met lakay nou nou manje. Nou pa tap bezwen al kay Perry al pase mize anndan izin.*

#1 Dubuisson Fleubert; Gason; 50ane; 3timoun; Kiltivate; 2ane nan Selil; 5yem segonde; *Yon mosyon map fe. kote, kote eee pwodikte sa. Premye moun* (mwen enm [36] on senp blablabla), *Eee premye pwodikte ki pran bafnan izin kay Perry li rele Fleubert. Kounya la m'gen 2 zan depi kontra'm bout la Kay Perry. Ane pase mwen pran bafladan'l. Premye ere ke'm pran ladan'l m'rekonet Perry te gen rezon e ke se mwen k'anto. Paske m'tale a mango ki pat fin mi.* (vwa timoun ki ap fe bri). Men ane sa mwen menm *Selul [37] m'poko. Tank'on [38] Selul anko* (blabla). Ansanm ave'm mwen (blabla). Paske chak pye mango m'vann ka Perry se akoz relasyon pam avek Rejinal. Mwen menm mwen te di. M'te di tout Agwonom mwen yo ki fe fomasyon ansanm avek mwen yo met rejtem nan bagay Perry. (blabla). Kay Perry pa gen prensip. Mwen menm mwen gen (blabla). Mwen gen Loulou kom gwo Voltije andedan. Kom Founise. Voltije andedan. Perry pa ba okenn selul valeu [39] andedan. Le'w rive andedan lakay Perry siw rive. Si'w rive petet ou ka rive a 200 douzen 300 douzen mango. Se ke se le moun sa yo fin pase. kite met gen 3,4 kamyon e le sa oumenm w'ap Voltije [40] pou'w pase. W'ap pran imilyasyon nan men Voltije. Wap pran imilyasyon nan men Jinyo. (yon patisipan di : Jinyo a pa bon menm). W'ap pran imilyasyon nan men travaye k'ap travay andedan.

Jinyo se yon manb nan fanmi a?

#1 Dubuisson Fleubert; Gason; 50ane; 3timoun; Kiltivate; 2ane nan Selil; 5yem segonde; *Non Jinyo se li ki reprezante Perry. Se li ki reprezante mesye Perry. Paske Jinyo se ptit perry.*

Li se bon ptit mesye Perry?

#1 Dubuisson Fleubert; Gason; 50ane; 3timoun; Kiltivate; 2ane nan Selil; 5yem segonde; *Wi, se Jiinyo ki piti Perry a. Men se pa Jinyo ki Perry a. Perry a se yon non yon moun. Imilyasyon ke, Perry a se ke m'te rakonte sa nan asanble jeneral la ane pase. Mwen menm mwen toujou mande Teknosev pou yo oblige konsidere ka nou an. Nan, nan plis kondisyon e pou'l ta oblige ban nou yon lot kontak. (blabla) Pou mwen menm m'te gen dwa al debake mango kay Perry. M'pa (blabla) mwen pedi yon valè mango se paske yo pran mango a chak 4 an.*

Le Kay Perry pa pran mango, tout Selil yo met tet ansanm yo al vann li nan mache?

#1 Dubuisson Fleubert; Gason; 50ane; 3timoun; Kiltivate; 2ane nan Selil; 5yem segonde; *Non, se ke si yo rive Selil la gentan gen mango a. Pou'l ta gen mango a Selil pa ka pran'l. Pwodikte a pote mango a al kay Perry. Li dwe potè. Li dwe potè li dwe keyè. Li dwe (blabla). Li dwe piyè (li dwe bet). Li dwe bet. Li dwe tout kote a net. Se ke'l pap janm ka, li ka pa ka keyi mango anko. Se ke mwen menm si'm keyi 100 douzen mango pou yon moun. Ou pati'w pok. Ou fe 3 jou deyo ou pok vini. Eske m'pral keyi met sou kont mwen anko? (blabla) Pwodikte a se swa li reziyen'l li pedi mango. Oubyen li reziyen'l la'l bay li a pri Konvansyonel.*

Oumenm si w'al kay Perry li pa pran mango yo kisa'w fe avek yo?

#1 Dubuisson Fleubert; Gason; 50ane; 3timoun; Kiltivate; 2ane nan Selil; 5yem segonde; *Non se ke mwen menm depi'm rive m've gen anbouteyaj m'vire. M'vire do'm m'di zafe m'pa vann pou Oganik. Se ke m'ka vann pou Konvansyonel. Depi'm gentan gen (blabla)*

Yo ap vann pi ba pri? Ki pi ba pri yo desann ane sa?

#1 Dubuisson Fleubert; Gason; 50ane; 3timoun; Kiltivate; 2ane nan Selil; 5yem segonde; *Se ke yo rive pi ba. Gen izin pa egzanp m'ap pran AGWOPAK ki pran'l a 60 nan men nou. Nan men Selil. Pa rapo ak relasyon'm avek yon, youn nan Teknosev.*

A 60 goud pa douzen?

#1 Dubuisson Fleubert; Gason; 50ane; 3timoun; Kiltivate; 2ane nan Selil; 5yem segonde; *A 60 goud pa douzen. Men te gen. (blabla) Men si w'al bay li nan Dizon, dizon pran'l avek 52 goud.*

Done nou gen la yo. Yo la depi an 2013. Le sa li te 42 goud kounya ou di li konn 52 goud se yon bon nouvel !

#1 Dubuisson Fleubert; Gason; 50ane; 3timoun; Kiltivate; 2ane nan Selil; 5yem segonde; *Wi, men fre a vin ogmante.* (yon telefon sone). (sa se woulman, sa se le yo pran'l isi pri a konsa men 60 goud la se nan izin nan ?), (plizye moun ap pale an menm tan. (blablabla)

E se nan menm kob sa w'ap fe tout fre ?

#1 Dubuisson Fleubert; Gason; 50ane; 3timoun; Kiltivate; 2ane nan Selil; 5yem segonde; *Ou vin gen plis fre ladan. Kounya le'w vin gen plis fre ladan ou pa fe anyen ladan.* (vwa yon moun ki di on bagay). Kounya). (blablabla *Ou gendwa keyi mango a. Kounya nan moman. Jan w'ap keyi mango a mango a vin gen plus demand ladan.* Eee (blabla). *E komsi m'ta di'w nou fe plus*[41] *aktivite ladan. Paske le'w vann li avek Voltije tankou nou menm. Nou peye keyi'il selman. Le'w peye keyi'il. Tankou nan yon pye mango fo'k nou gen 3 moun ki pou keyi'il. Yon keyè, yon pike, yon apantè. Le'w fini fo'k ou peye pote'l. Se pa douzen ou peye pote'l. Voltije a limenm li peye pote'l pa viwayaj. Jan yo pote'l yo pote'l. Men Si se oumenm w'ap fe plus atansyon. Ou bay mango a plus valeu*[42]*pou'w ka fe plus kob.*

Eske ou konn panse li tap pi bon si'w te vann ak Voltije ane sa ?

#1 Dubuisson Fleubert; Gason; 50ane; 3timoun; Kiltivate; 2ane nan Selil; 5yem segonde; *Non. Sa'k fe m'pa di pito m'te vann a Voltije se paske mwen m'te gentan nan yon pwogram.* (blabla). *Pou zon pa mwen pat gen Voltije tou.*

Gen lot moun ki vle ajoute kek bagay? A konbyen kob Madan Perry konn pran douzen nan ?

#1 Dubuisson Fleubert; Gason; 50ane; 3timoun; Kiltivate; 2ane nan Selil; 5yem segonde; Madan Perry toujou pran'l a 6ogoud. *Li bay 10 goud. Eee pa douzen pou fre.*

Li ba ou kob pou fre ?

#1 Dubuisson Fleubert; Gason; 50ane; 3timoun; Kiltivate; 2ane nan Selil; 5yem segonde; *Li ba'w kob eee transfe. A kob. A kob* (blabla)

20 Jeune P. Janot; Gason; 40ane; Okenn; Kiltivate; 3ane nan Selil; 9yem ane; *Gade! Pou'w jwenn kob fre a. Si'w te ale a 600 douzen mango. Si w'ale a 600 douzen mango se 300 ki bon. Se 300 l'ap peye kom, kom.* (vwa lot moun ki pale) *Se sa'k bon l'ap peye wi. Se konsa tou fo'k fre a soti sou ou (#1 di : wi se sa'k bon an l'ap peye).* *Alo toutan ke wan, ou we wanba***[43]** *izin nan w'ap pase mize, se konsa tou kob fre ap sot sou ou.*

#1 Dubuisson Fleubert; Gason; 50ane; 3timoun; Kiltivate; 2ane nan Selil; 5yem segonde; *Wi ! Si'l fane nan men'w se ke'w gentan konnen.* (blabla) *Pa egzanp AGWOPAK seleksyone pi di. Mwen debake 320 douzen mango nan AGWOPAK m'fe 390.* *E AGWOPAK seleksyone pi di ke ka madan Perry. Se ke notrejou***[44]**, (blablabla)

Kisa nou fe a reje mango yo ?

#1 Dubuisson Fleubert; Gason; 50ane; 3timoun; Kiltivate; 2ane nan Selil; 5yem segonde; *Non kay madan Perry pa remet moun reje.*

(plizye moun ap pale an menm tan), (yon moun di, li tou achte yo pi che)

A ki pri yo achte yo?

Patisipan pa idantifye: *Ou achte douzen nan a 30 goud. Selon jan, jan pwodikte a pote yo ba ou an. Le'w rive anba a 20 goud. Le'w tande reje yo epa douzen nan non. Gwo kes wouj yo*

. Piblik 😊 Riii)

Se gwo kes wouj yo wi. (plizye moun ap pale an menm tan)

Kobyen kes la ka gen ladan konsda?

(Plizye moun ap pale an menm tan, fe vakam. Youn di : kes la ka gen 3 douzen mango).

Eske yo pa konn di nou yon mango se reje, (vwa moun ki ap pale ansanm ak prezantate a, tou ba) (**epi le nou menm nou gade nou we se pa reje yo ye ??**

Patisipan pa idantifye : *Ou we poukisa'l reje wi. Ou we poukisa'l reje. Tankou le yo fin fon done. Tankou sa'k reje a, yo di'w li reje. Ou we poukisa'l reje. M'pa tap asepte [45] pou'w di'm konsa li reje.*

Ou t'ap kanpe la ou di yo li pa bon ?

Patisipan an kontinye : *Li pa, oh M'patap aksepte sa.*

Epi yo ap aksepte negosye ave'w ?

Patisipan an kontinye: *Menm si yo y 'ap fe diskisyon. Men kan menm depi je'w kale.*

Ou pa santi ke yo ap tronpe'w nan sans sa ?

Patisipan an kontinye : *Non yo pap tronpe'w (yon lot moun di, yo pap twonpe'w. Blabla)*

17 Levy Frisnel; Gason; 29ane; 1 Tmoun; Kiltivate; 3ane nan Selil; Inivesite; Sa'k fe le yo ba nou reje nou we sa'k reje a. Pwoblem. Teknosev te ofri nou sa li pa reyalize. Li te ofri nou, li te di nou gen de pafwa nan pakou yo li tap fe wout kote mango yo ye pou nou. Tankou eee kote'k gen mango yo. Distans pou nou soti ak yon mango la. E [46] bet nou peye pote'l. Kounya bet la nan pote. Mango a vin frote li reje. Depi'l domi. W'al ka madan Perry ave'l. Depi'n kite'l reje nou pap vann. Men si nou te gen

*wout pou machin te neke***[47]** *pase pran mango a anba pye di a* (yon patisipan: menm joul keyi a) *menm jou'l keyi a. Mango a pa tap reje. Jan mango a keyi a e***[48]** *konsa'l ta prale. Si nou al avek 200 douzen mango. Nou tap jwenn nenpot 205, 210. Pase nou patap gen pesòn pet gress mango ki pouri. Gress mango ki frape. Men Kom se sou tet nou nou pote'l. Soti nan kote ki lwen kote machin pa ka ale. Gen kote mango a ye menm bet pa ka al pran'l. Se sou do pou'n oblige pote'l met kote bet la ka pran'l la. Pou bet la vin transpote'l kote machin nan ka pran'l lan. Se selman sa senpleman Teknosev te ofri nou ki pa realize nan program nan. Pote mango pwoje a.*

Kisa yo fe ak reje mango yo achte nan men nou yo?

#2 Guervil Melem; Gason; 32ane; Kiltivate; 3ane nan Selil; 4yem ane fondamantal; Yo vann yo. Yo menm yo gen yon ti machann k'ap achte. K'ap lote. Le nou pase nou we kote ki gen tab yo. Le ti machann yo vin a kamyonet yo vin pran'n nan men yo. Yo menm yo ka vann li a nenpot 30 goud, 40 goud. Men yo menm y'achte'l nan men'w a 20 goud la. Yo ka vann li a nenpot 40 goud. Sa ve**[49]** di se 10 goud y'ap fe sou li. Pase le nou menm n'al avek nenpot 400 douzen mango, 500 douzen mango. Le mango a rete twop nan men nou n'ap jwenn 200 ki bon. Mezi res la yo pran'l nan men nou. Pafwa, nou te montre'w sa déjà. Nou vann kes la pou 20 goud. kounya yo menm yo pral vann 14 gress nan avek ti machann nan pou 30 goud, 40 goud.

Ou pa ka mande pou'w soti ave'l ?

#2 Guervil Melem; Gason; 32ane; Kiltivate; 3ane nan Selil; 4yem ane fondamantal; Non.

Plizye moun ap aple ansam: Non. Yo pap ba'w soti ave'l.

Yo pap kite'w soti ave'l ?

Piblik : Non.

(Plizye moun ap pale, ap ri), (yon patisipan di: Non yo pap kite'w soti ave'l).

#4 Israel Symader; Gason; 39ane; 6Timoun; Mekanik; Okenn 9yem ane; *Bon! Mwen menm sa'm tap di.* (yon moun touse) *Kom mouvman Teknosev la s'on***[50]** *bel mouvman ki ede nou. Nou menm peyizan pa bo isit la anpil nan mouvman mango fransik la. Paske li ede nou, ede nou avek edikasyon timoun yo e lot aktivite toujou. Koman nou ka ede nou pou jan de problem sa yo pa ta rive nou anko? Koman nou te ka fe nou jwenn yon lot kote tou pou nou ta rive vann mango ? pou nou pa ta rive pedi yo nan sans sa.*

Nou ta renmen nou di nou kisa nou panse de pwoje a, kisa nou ap atann de li pou nou rapote bay Teknose pou nou ?!

Patisipan pa idantifye : *Ebyen kisa m'tap di nou antanke. Nou menm na***[51]** *fe mesaj la pase pou nou. Pwoblem nan. Poze pwoblem lan devan yo pou nou. Pou'n we koman yo ka ede nou pou'n pa jwenn difikilte sa yo anko. Twop defisi. Pase***[52]** *le mango fransik bon an m'kwe, anpil mango.*

#2 Guervil Melem; Gason; 32ane; Kiltivate; 3ane nan Selil; 4yem ane fondamantal; *Men pi gwo pwoblem nou genyen nan afe mango fransik la. Se pwoblem wout. Nou pa gen wout nou pa genyen.*

Pa gen lot moun ki te vle ajoute yon bagay?

#1 Dubuisson Fleubert; Gason; 50ane; 3timoun; Kiltivate; 2ane nan Selil; 5yem segonde; *Mwen menm men kisa m'mande a Teknosev.* 1^{yeman}) *Se pou Teknosev li pran tout dispozisyon. Paske m'kwe asireman li gen 219 Selil. 219 Selil la fo'k li ta oblige fe lot kontak mache pou nou. Ke pou nou te ka rezoud afe mango (blabla).* 2^{yeman}) *Pa ekzanp fo'k li te ka prete pwodikte yo pou mango yo te ka soti pi byen. Pou yo fe plus***[53]**. *Pi bel mango. Pa ekzanp Teknosv te ka prete yo nan jouk materiel. Pou fe (blabla) ak twalet. Le mango yo fin desann pou te ka fe (blabla).*

17 Levy Frisnel; Gason; 29ane; 1 Tmoun; Kiltivate; 3ane nan Selil; Inivesite; Mte ka ee sa lot koleg yo di a, di a. *Se komsi m'we Teknosev li menm, fas avek pwomes li te fe nou. li pa rive ateri a 100%. Ane sa nou konstate se komsi Teknosev li menm pa gen yon bòn relasyon avek madan Perry kom Selil li ban nou kom mache. Pase si Selil yo a mango yo andire menm pèn avek Voltije yo. Se komsi pa gen okenn diferans. Voltije yo se a pri ke nou vann li yo vann li tou. Selil la le l'ale, Voltije a ale, Se komsi pa gen amelyorasyon. Nou pran liy Voltije yo pran liy.(pa gen diferans) pa gen diferans. Eske*

*pa gen yon lot posiblite keTeknosev te kapab pran an men, pou ki pemet nou jwenn yon amelyorason nan sa n'ap andire la yo. Pase nou menm nou sibi fomasyon. Nou panse ke te kapab plizoumwen***[54]** *gen yon diferans ant nou menm avek Voltije yo.*

Eske nou menm nou pa gen yon ide ditou de koman nou ta ka fe pou nou ta jwenn lot mache?

17 Levy Frisnel; Gason; 29ane; 1 Tmoun; Kiltivate; 3ane nan Selil; Inivesite; *Wi nou kapab. Sof ke nou gen yon prensip Selil yo. Nou pap bay mango nenpot ki kote. Pase animate yo la se yo menm ki fe tout kontak. Epi yo di nou keyi mango nou keyi mango. Yo fe kontak izin nan epi yo vin pran mango a.*

Sa vle di se animate yo ki dwe fe kontak pou nou, nou pa gen dwa ale nou menm?

17 Levy Frisnel; Gason; 29ane; 1 Tmoun; Kiltivate; 3ane nan Selil; Inivesite; *Wi e***[55]** *konsa'l ye menm. M'pa gen dwa fe kontak se animate a ki gen dwa fe kontak.*

Eske nou santi animate yo reprezante nou byen?

Piblik: *Wi.*

Patisipan anreta, pa idantifye: *Eee Pwoblem ki fe menm le ke. Pwoblem ki gen kay madan Perry. Tout plante gentan konnen depi nou vann ka madan Perry apre, apre nou gen yon ti bagay k'ap vin jwenn nou. Y'ap ba nou ti ristoun. E nan lot izin yo pa bay li. Se sa'k fe nou oblige (blabla) plis ka madan Perry. Paske tout plante gentan konnen le Selil la pran mango a nan men'w w'ap gen yon ti bagay vin jwenn ou. E le yo bay mango a lot kote yo. Nan lot izin yo. Plantè a pap jwenn li. E plantè a menm gentan konnen ke l'ap gen yon ti bagay k'ap vini. Se sa'k fe Selil yo gen pwoblem avek plantè yo. Paske Selil depi yo fin pran mango a nan men plantè a yo konnen. Plantè a konnen l'ap jwenn yon ti bagay.*

MEN KOMAN MACHE MANGO A YE

Avan proje mango a men koman mache mango a te ye pou pwodikte yo. Mango a te ka soti nan jaden pwodikte a. Li menm te ka pote ale vann nan mache lokal yo oswa li te ka vann mango ak Madan Sara. Epi Madan Sara te ka pote li nan mache lokal yo. Yon lot opsyon pwodikte a te genyen se ke li te ka vann ak Voltije. Voltije te ka vin pran mango an nan jaden pwodikte a epi li bay li ak Founise lokal. Founise lokal menm bay li ak gwo Founise nan Potoprens. Gwo Founise yo fe mango a rive kay Ekspotate ki pral mete mango sa sou bato epi fe'l rive nan peyi etranje.

Men avek Selil la pwodikte yo vin jwenn yo gwo avantaj. Yo ka toujou vann mango a nan mache local. Oswa vann li ak Madan Sara. Gwo chajman an se ke pwodikte yo kounye a ap vann mango ak Selil la. Selil petet ka vann ak Madan Sara. Men pi bel avantaj pou pwodikte yo se avek Selil la. Mango yo ale direkteman nan izin. Nou we lontan konbyen wout mango a te fe pou li jwen Ekspotate a? Tout gwooup moun ki te nan domen nan te oblige jwenn benefis pa yo. Akoz de proje Selil la mango a pa pase nan men tout gwooup moun sa yo anko. Li ale direktman nan izin epi sa rann pwodikte yo fe plis kob nan pwodiksyon mango a.

Eske se konsa menm mache a ye pou nou pa bo isi?

Piblik : Wi

Nou konnen gen Voltije lokal epi gen Voltije. Gen yon Patisipan ki sot di izin nan gen pwop Pwodikte pa'l, eklere nou sou sa couple !

Patisipan pa idantifye : *Le nou di izin nan gen Pwodikte pa yo a. E[56] komsi Jinyo li menm li voye yon ekip Voltije ke li bay kob al cheche mango pou yo pot ba li. Madan Perry li menm li gen Selil yo. (plizye moun ap pale ansanm) li ba yo kob li menm pou yo travay.*

Nan men kiyes founise yo al achte?

(Plizye moun ap pale an menm tan: nan men plante, nan men voltije)

Eske yon founise ka achte nan men yon Pwodikte?

Piblik: *Nan men yon pwodikte? Wi li kapab, li kapab.*

#2 Guervil Melem; Gason; 32ane; Kiltivate; 3ane nan Selil; 4yem ane fondamantal; *Tankou founise sa yo yo menm.* (vwa moun ki ap pale tou ba) *Yo pa konn mango tankou animate a Teknosev mete a. K'ap pran, k'ap pase, k'ap fe anpil gwo travay. Eee ban nou enfomasyon. Mache we, fe veje nan mango yo.* *Tankou founise sa yo y'ap di'w la.* *Tankou yo menm yo pa konn ni mango Oganik.* *Yo pa konn ni mango Konvansyonel.* *Yo pa konen yo.* *Yo menm kelkeswa mango yo jwenn yo, yo achte'l.* *Tankou animate a menm li fe fomasyon a moun yo.* *Moun yo.* *Tankou ane 2013 moun yo te vann Konvansyonel.* *Ane 2014 la moun animate a eee fe fomasyon ave yo.* *Yo vin ap vann mango Oganik (Oganik, Ekitab) Ekitab.* *Kounya la eee* (vwa moun ki ap pale an menm tan ke repondan an) *Pwodikte sa yo avek eee manb Selil yo se pa menm mango yo bay.* *Kounya moun, kelkeswa ee founise yo yo ka vini yo jwenn yon, yon mango nan (blabla) yo pa konn anyen.* *Men mango yo plase animate pou'l fe GPS, pou'l mache fe veje ladaml.* *Ou pa ka pran nenpot mango voye ale pase depi'w voye nenpot mango ale y'ap we sa.*

Voltije konn fe GPS tou?

Piblik : *Non.*

Founise ki fe sa ?

Piblik : *Non animate.* (animate Teknosev met sou teren an ki mache fe GPS nan jaden yo)

(Plizye patisipan ap pale an menm tan pandan kek minit)

Gen Voltije ki konn vin achte nan men nou pavre?

Patisipan pa idantifye : *Tankou yo vini yo we jaden mango sa.* *Yo di'w monche m'ba'w \$15000 HT(7500 goud) pou li.* *Epoutan.* (blablabla) *Epi yo menm yo pa janm vini.* *mango sa vin gaspiye.*

Yon lot patisipan di : *Jenerate koki a pran mango Oganik lan.* *Ane pase pat gen sa.* *2014 la pat genyen'l.* *An 2015 lan te genyen.* *Tout Selil vin antre nan pran Oganik pou madan Perry.* *Li te oblige fe koki nan jaden an pou'l kapab fe GPS la pou'l voye bay*

madan Perry. Men gen jaden ke yo rive. Yo fe koki ke nou pa aksepte paske jaden an pa ann eta Oganik.

Mpa fin two konprann kesyon Oganik lan, eske yon moun ka eklesi'm?

Patisipan pa idantifye: *Oganik la pa soti nan pye mango a anle. Oganik lan soti nan te. Nan teren kote mango a ye a. Nan fonksyónman. Koman'l konn konpote a (blabla). Pase***[57]***pa ekzanp la se yon jaden mango fransik. An, avan 15 met gen yon jaden ki viwazin. Ki sevi avek pwodwi chimik. Ki sevi avek ensektisid. Li menm li genyen pwodwi ki pa fonn ladan. Pa ekzanp li sevi avek plastik boyo ladan. Se ke mwen menm m'pa sevi ave yo. Se ke mango'm nan vin enfekte pase'l s'on Oganik. (blabla) Si teren an pa trete teren an pa Oganik se ke mango a pap kapab donnен.*

Kijan nou idantifye yo ?

Patisipan an kontinye : *Poum idantifye'l fok ee jaden sa a teren sa li pa gen sache plastik. Li pa gen Li pa sevi avek jemisid. Li pa sevi ak okenn pwodwi chimik. Ni li pa sevi ak okenn bagay plastik andedan'l.* (yo pa mare bet ladan) *Ni'l pa mare bet ladan.*

Yon lot patisipan di : *Pase blan. Teknosev mete yon aksan sou blan. Blan li menm k'ap manje mango a fo'k li konn chak gress plantè k'ap fe mango a. Ki gen mango a. Nan jaden ki moun mango a soti. Se sa'k fe y'oblige fe keyèt nan tout pye mango. Tout abitan tout plantè. Se sa'k fe yo pale'w de GPS. Gen mango'k fe GPS. Moun ou we ki pa fe GPS yo se moun ki pa antre anndan pwogram Teknosev la.*

Ki diferans ki gen ant prodiksyon mango kounya ak prodiksyon lontan?

#2 Guervil Melem; Gason; 32ane; Kiltivate; 3ane nan Selil; 4yem ane fondamantal; *Diferans ki genyen nan mango a se diferans. Lontan mango a pat gen mache pou'l te vann. Mango a te. Yo te mare kenpot***[58]***kalite bet anba mango a. Se li'k tap manje mango a. Mango yo le'w paret ou we tout salte anba mango yo. Epi mango a pa netwaye. Tout mango te nwe. Tout mango te sal. Epi diferans ki vin genyen kounya la. Mango a transpote al nan lot peyi fe nou fe plis kob nan mango a.*

Daye pou Ayiti, se sel li menm blan eksplwate pou mwen menm. M'pa konnen si gen lot le'm pot ko fet. Pou mwen menm se sel mango a m'we blan eksplwate. Se sa'k fe Teknosev fe tout fomasyon avek Selul[59] yo pou yo pwoteje mango a. Paske blan menm li pap pran nan nenpot ki mango.

Yo pap achte lot tip mango ?

#2 Guervil Melem; Gason; 32ane; Kiltivate; 3ane nan Selil; 4yem ane fondamantal; *Yo pap achte lot tip mango ke mango fransik.*

Eske lontan te gen anpil mango fransik?

Piblik : *Non pat genyen anpil.*

Ki mango ki te genyen?

Piblik : *Mango fil. Mango kòn. Mango madan blan. Mango janjan.*

Ki mango ki pi gou ?

Piblik : *Riiiii. Tout mango. Mango kòn. Mango janmari. Mango fransik.*

Yon patisipan di : *E mango fransik, le'l rete'l gou vre*

Lontan mango te pi plis, oubyen yo pi plis kounya?

Piblik : *Yo pi plis kounya.*

Yon patisipan di: *Gen kote ki pa't gen mango. ki genyen kounya.*

Nou konn istwa mango fransik?

(Plizye moun ap reponn an menm tan jis anketris la di yo reponn youn apre lot)

#27 Ivel Gabriel; Gason; 35ane; 2timoun; Kiltivate; 3ane nan Selill; 3yem ane; *Mango a donnen nou jwenn youn nou plante lot.*

Patisipan pa idantifye : *Wi e sa wi, non an grandi*

Eske mango fransik se yon mango peyi?

Piblik: *Wi peyi'l ye.*

Li pa mango Dominiken?

Piblik: *Non, al Republik Dominiken ou pap jwenn li.*

(Plizye moun ap pale pawol ki pa kle, an menm tan.)

Yon patisipan ap di: *Yon sel peyi kounya la yo bay sou lezond ki plante'l. Sel Meksik ki plante'l. Se sak fe nou oblige ap pran bafnan zafe mango a ane sa.*

Kijan ou fe konnen sa?

Piblik : *Sou lezond yo bay li. a trave radyo.*

(silans)

Eske nan prodksyon an fanm yo gen wol pa yo ke yo jwe ?

Yon patisipan reponn tou ba : *Tout sa fanm fe gason fe'l tou wi.* (blablabla)

Prezantate a kontinye pou li di : *Nomalman ta sipoze gen 50% fanm nan pwogram nan, men dapre sa m'remake genle pa menm gen 25%.*

Patisipan pa idantifye: *Men ou konn sa'k pase ki fe'w ka pa jwenn majorite fi yo. Yo nan mache*

(plizye moun komanse pale)

Yon patisipan di: *Yo pat gen pwogram pou sa.*

(Piblik la kontinye fe pale anpil)

'#18 ou di tout sa gason fe fi fe'l? (Wi) **Se konsa li te toujou ye le ou te timoun, ti fi a ti gason te toujou fe menm bagay?** (piblik la ap pale an menm tan) **Gason vann menm jan ak fi ?** (yon patisipan di : Wi, madanm ou malad w'al vann).

(Piblik la kontinye pale ansanm)

Gason al vann pwa tou ?

Piblik : *Riiii . Tout moun vann pwa.*

(Epi yo kontinye pale de pwa pandan kek minit)

Eske moun yo te konn plis koupe mango lontan ke Kounya:

Piblik: *Lontan yo te konn koupe yo plis.*

Patisipan pa idantifye: *Li pat gen valè lontan.*

Patisipan pa idantifye: *Bon se fomasyon ke y'ap pran. Ke yo vin we valè mango fransik genyen.*

#6 Sanon Celo; Gason; 68ane; 7Timoun; Kiltivate; 1ane nan Selil Okenn; *Bon se sa'k fe mango fransik la vin gen valè konsa. Nou te gen yon bann lot ti mango. Ti mango sa yo te pran patiray la nan men nou. Men ajan yo we mango fransik la menm nan mache Potoprens wale.* (blabla) *Ou te konn pote 100 panyen [60] mango lavil. Ou pa vini a 200 dola. Men le'w tande'w pral pran mwa'd Jen. W'al a 20 panyen mango mezi kob ou te pedi a w'antre tout. Paske mango a diminye. Depi'w pral pran mwa'd Jen mango a desann. Men moun yo gentan koupe tout piti. piti sa yo. Mezi ti pye mango ki donnen yo moun yo paret. Gen pye mango ou we la epa plante yo plante'l. Men moun nan bezwen we sak mango fransik la. Depil we yon gress li we e mango fransik li pare'l. Ti pye'k te bo'l la li koupe'l. Ti pye mango ti gress nan'l koupe'l. Kounya mango sa yo laji. Epi le fini l'al mete yon lot pye yon lot kote. (blabla) Nan moun ki genyen isi, ki te konn mango fransik tap vann yo rele Kadwa. Paske nan plenn sa la e Kadwa ki gen plis mango fransik. Yo te konnen epi yo angaje. Paske pa gen tè Kadwa'k ka travay anko. Paske tout se mango net. Yo te konn mango a tap*

donnen. (blabla) Zorany dous. Zorany dous a mango. Kounya zorany douss detwi kounya se mango a'k pran plas li.

Eske nou fe gref ?

Piblik: *Wi. Wi nou fe gref* (bri moun nan antoraj la kouvri repons lan). *Tankou Agwonom yo fe ansanm avek nou. Epi apre yon 2 zan konsa yo vin grefe. Sa se pou mango sa yo kapab donnent pi rapid*

Eske gen moun ki vle fe gref men ki pokofe?

Patisipan pa idantifye : *Bon gen anpil moun ki pokofe.*

Yon lot patisipan di: *Wi gen anpil.*

Men yo vle fe?

Patisipan pa idantifye: Gen moun ki vle fe. Men gen anpil moun ki pokofe tou.

#15 Gerome Marie Lourde; Fanm; 58ane; 7timoun ; Machann ; 4ane nan Selil ; 2yem ane ; *Si tout moun ki gen mango se mango fransik. Ou pa oblige gen, fe lot gref sou li. Paske tout mango yo se mango fransik. Si'w gen mango fil w'ap fe grefla (pou mango fransik) pou mango fil la. Men si tout moun tout mango'w genyen se mango fransik ou pa oblige fe gref. M'gen anpil mango fransik m'pa oblige fe gref ladan.*

Eskew fe gref nan pye mango pa ou yo?

#15 Gerome Marie Lourde; Fanm; 58ane; 7timoun ; Machann ; 4ane nan Selil ; 2yem ane ; *M'pa genyen paske tout mango'm se mango fransik.*

Eske gen moun la ki vle fe gref ki pokofe?

Piblik: *Wi.*

Yon patisipan pran la pawol: *Bon m'pat gentan fe nan okazyon an*

Gen yon le spesifik pou yo fe gref?

(Plizye moun ap pale an menm tan.)

Yon ptisipan di : *Wi yo bay yon le pou komanse. Yon jou.*

Chak ki le konsa ?

(Bri plizye fanm k'ap pale anpil deyo a {tankou se nan yon mache} anpeche nou tande repons patisipan an)

Eske se chak 2,3 mwa ou chak ane?

Piblik: *Plizye moun ap pale an menm tan.*

Yon patisipan di: *Yon fwa pa ane.*

20 Jeune P. Janot; Gason; 40ane; Okenn; Kiltivate; 3ane nan Selil; 9yem ane; *Wi, Pou ane sa eee Teknosev te mete afe gref la sou pye an sektanm. Pou rive nan janvye. Apresa li vin kanpe sou afe gref la. Sa ki koz gen pwodikte'k pokofe gref.*

Depi janvye'l kanpe

20 Jeune P. Janot; Gason; 40ane; Okenn; Kiltivate; 3ane nan Selil; 9yem ane; *Wi.*

Eske'w peye pou sa?

20 Jeune P. Janot; Gason; 40ane; Okenn; Kiltivate; 3ane nan Selil; 9yem ane; *Wi sa vle di ke mwen menm se. Se, se teren an. Eee veritableman se Teknosev. Teknosev te ban nou fomasyon sou gref. Eee (pwol la pa kle) Teknosev peye yon ti kob. (blablabla)*

Le konsa eske se yon lis moun ki vle fe gref ki fet ?

20 Jeune P. Janot; Gason; 40ane; Okenn; Kiltivate; 3ane nan Selil; 9yem ane; *Wi ou voye'l bay Teknosev epi li tounen lis la ba ou pou'w fe gref pou yo.*

Eske'w fin fe gref pou tout moun ki te nan lis la ane sa?

20 Jeune P. Janot; Gason; 40ane; Okenn; Kiltivate; 3ane nan Selil; 9yem ane; *Non m'pat gentan fin fe tout. Paske eee nan lokal kote m'te ye a m'te fe. M'pat fin fe tout. Apresa m'voye ale anpi*[\[61\]](#) *(yon moun di yon bagay pandan l'ap pale a kouvrira li tap di an) nan moman pou'm ta fe'l anko. Yo vin kanpe nan afe grefla. Kounya nou komanse nan afe mango an. Kounya la grefla te vin kanpe.*

Le pwoje Teknosev la kanpe eske'w panse w'ap ka kontinye fe gref ?

20 Jeune P. Janot; Gason; 40ane; Okenn; Kiltivate; 3ane nan Selil; 9yem ane; *Wi m'ap fe gref. Depi pwodikte a vle bay yon ti kob pou grefla fet. (blablabla) Menmsi epa kantite eee kantite kob Teknosev peye pou grefla fet la. Men depi pwodikte a vle bay yon ti kob m'ap kontinye fe grefnan tout mango nan zon nan.*

Ou panse w'ap reyisi?

20 Jeune P. Janot; Gason; 40ane; Okenn; Kiltivate; 3ane nan Selil; 9yem ane; *Wi.*

Eske w'ap gen materyo pou'w byen fe yo?

20 Jeune P. Janot; Gason; 40ane; Okenn; Kiltivate; 3ane nan Selil; 9yem ane; *Wi, yo gentan banm materyo.*

Kote w'ap jwenn materyo le Teknosev pa la anko ?

20 Jeune P. Janot; Gason; 40ane; Okenn; Kiltivate; 3ane nan Selil; 9yem ane; *Non. Ak materyo yo gentan ban mwen an map sevi avek yo. Si yo pa pran yo nan menm. Si'l pa ta pran yo nan menm. Le'l fini, le'l fini, Le'l fini si'l pa pran yo nan menm m'ap toujou genyen yo.*

Nou konnen ou bezwen Tep, le Tep ou fini le Teknosev ale ki kote w'ap jwenn?

20 Jeune P. Janot; Gason; 40ane; Okenn; Kiltivate; 3ane nan Selil; 9yem
ane; *M'ka jwenn achte. Yo vann yo*

Ki kote w'ap jwenn achte yo?

Piblik: *Otopat. (nan otopat)*

Kijan yo vann li nan Otopat? Eske se on tep nomal tankou nenpot Tep?

Piblik: *Non. Tep pou grefaj. Epa tep pou kole a.*

(Plizye moun kontinye pale an menm tan ap bay non yon lot kote yo ka jwenn li)

Kote nou di la a, se yon gwo boutik?

(Plizye moun ap pale an menm tan.)

Patisipan pa idantifye: *Pa egzanp si'w we mwen. M' bezwen m'achte* (blablabla)

Eske li koute che ?

Piblik ; *Non.*

Kom li pache, li fasil pou jwenn li. E lot bagay yo?

Piblik; *Bwa, Sekate, Pikwa.*

Konbyen gref nou ka fe nan yon jounen?

Patisipan pa idantifye: *Si'w fe yon jounen net ou ka fe menm 200 gref wi.*

Konbyen kob ou ka fe sou chak 200 gref sa yo?

Patisipan pa idantifye: *Sou chak gress e 10 goud wi.*

Prezantate a kontinye pou li di ke, ebyen nan yon jounen nou fe 2000 goud ?

(Plizye moun ap pale, ap ri an menm tan)

Yon Patisipan di : *Li pa fasil paske (blablabla)*

Nou pa jwenn moun pou nou fe toutan?

Piblik : *Non.*

Sa vle di ke kounya moun yo pa two cho pou yo plante ?

Patisipant pa idantifye : *Gen anpil mango. Gen anpil moun ki gentan plante mango fransik déjà. Yo pa avantaj pase lot mango pa vre? (en hen) Sa ve di ke, (blabla) mango miska. Oubyen mango peyi.* (yon patisipan di : Paske, paske pi fo pye'k genyen yo nou preske fin fe gref ladan yo). *Nou preske pa gen mango sa yo isit. Nou preske. Mango fransik pifo nou genyen nan nou. Epa yon bagay ki fet fasil si'w pa konn (blablabla) epa fasil.*

(Plizye moun kontinye ap pale an menm tan)

Si yo ap relanse pwogram nan, kisa nou ta renmen yo fe, ki t'ap pi bon pou nou ?

#2 Guervil Melem; Gason; 32ane; Kiltivate; 3ane nan Selil; 4yem ane fondamantal; *Pi bon. Nou menm e pou'n jwen mache lokal pou'n vann mango a. Avek wout. Se sa'k tap pi bon.*

Yon lot patisipan di: *Wout avek Kob.*

Plizye moun ap di: *Wout. avek ti kob prete.*

Nou bezwen kamyon tou pavre?

Plizye moun ap pale an menm tan : *Nou bezwen wout pou machin pase*

Patisipan pa idnatifye : *Wout a lajan tou. Des fwa nou ta achte Voltije yo gentan vini. Yo menm ki gen lajan yo gentan achte*

Le'w di nou, w'ap pale de Pwodikte oubyen de Selil ?

Piblik : *De Selil yo. (Selil yo).*

(Silans)

Eske nou itilize mango pou nou fe remed ?

#11 Nickes Jn Louis : Gason; 64ane; 6Timoun; Kiltivate; 3ane nan Selil ; 6yem
ane; *E e nou gen yon mango'k rele mango jeremi. Nou fe, ekos li fe rafrechi byen. Epi
yo benyen nouris. moun ki fe pitit ave'l.*

Nou plante mango jeremi?

Piblik: *Wi (plizye moun kontinye ap pale ansanm pandan kek minit)*

Pa gen lot mango anko nou konn itilize pou nou fe remed?

Patisipant pa idantifye : *E sel mango jeeremi an. Yon ti mango yon ti mango tou piti'l
ye.*

(plizye moun kontinye ap pale an menm tan pandan kek minit)

Nou pa gen kesyon nou ta renmen poze ?

Isaak: Wi m'g'on denye kesyon. Bonswa mesye dam koman nou ye?

Piblik: *Riiii (Bel anfom aaaa).*

**Isaac kontinye : Kom nou tout konen deja mwen se Isaac Wagner. Mwen pa
fe pati de ekip SOCIODIG la. Mwen fe pati de yon lot ekip. Bo isi a se yon
zone ki paret inik pou mwen menm. Paske li gen anpil mango fransik. Nou
ta ka fe nenpot 60,70 kamyon mango ladan. Se kounya la pandan m'ap
tande nou ap pale de mango a, nou di nou twouve ke mango gen plis valè.
mwen we jan nou bay mango anpil valè. Eske nou panse chak sezón mango
ap gen kliyan k'ap vin achte mango nan men Pwodikte yo oubyen manb Selil
yo. Menm si pri a ta ogmante ?**

#6 Sanon Celo; Gason; 68ane; 7Timoun; Kiltivate; 1ane nan Selil Okenn; *E men
sak fe lot sezón yo. Yon lot kliyan gendwa vin achte mango nan men pwodikte mango
a. Ee men dwat ou tout pa menm longe. Si yon moun ki gen pwoblem oubyen'l ta nan
kouri ak yon timoun li pa gen kob. Gen moun ki konn vini vin achte mango a. Ki konn*

lakou sa byen. Ebyen'l ka kite yon kob nan men met lakou a li di achte pou li. Selman w'ap chache moun achte mango pou mwen. Moun nan pat gen kob pou'l t'al a yon timoun lopital. Oubyen'l te g'on ti bannann pou'l te coupe. Li oblige pran 100 dola(500 goud)nan kob sa l'achte mango. Li bay achte. Li pran 100 dola(500 goud) nan kob la. Moun sa li pa we koman le met mango sa vin achte mango. Pou'l ta g'on pye mango. Pou'l ta vin achte mango pou'l pa vann li. Fok li ta oblige vann ni li paske li pap ka achte mango nan men'l yo. Epi mango pa'l la li pa vann ni li. E se la mango a ap soti. Jodia pwodikte mango a. Men sa'k fe l'oblige vann mango li ak moun sa yo. Li pa jwenn anprentman. Si'l mande nan Selil la yon ti kob prete yo do [62] prete'l kob la pou'l kite mango. Si yon kliyan pa vin achte mango a bo, nan men'l mango a do pedi sou kont moun k'ap vin achte'l la. Paske li gentan prete sou kont mango a. Non tou, ke mango'l la ap gaspiye epi'w g'on [63] bann, yon bann mango w'ap pran deyo. E m'anndan Selil. E m'prete anndan Selil la. E mango pa'l la'k dwe deyo. Paske'l prete nan men'n e piske'w pa prete'l li oblige vann tout mango'l deyo. Selil la ta fe (blabla) menm jan a madan Perry jan'w we'lfe ane sa. Li gendwa pa ka pran mango. Men gen moun tou ki oblige al vann deyo. Li pa vann anndan Selil pase'l gentan f'on ti kob aprentman nan men nan yon moun deyo. Ke Selil pa dwe kite moun anndan Selil la al prete deyo mesi.

#2 Guervil Melem; Gason; 32ane; Kiltivate; 3ane nan Selil; 4yem ane fondamantal; Bon ! afe mango seke (yon moun touse) gen de pafwa tou. Le mango a, le mango a ap komanse a se pa tout moun. Seksyon yo pa. Tout mango pa bon yon sel kou. Tankou Kadwa konn bon anvan Soley. Soley konn bon anvan Nan Debi. E pou di'w se ke moun sa yo ke yo ta mande pou tout le depi mango a komanse kay mandan Perry. Se pou tout mango a bon ansanm. Bon ! tankou ane sa gen anpil mango ki pedi nan sans sa. E sa'k fe gen de Voltije ki vini ki oblige achte mango a nan lari. Le Plantè yo we sa, mango yo ap peri. Madan Perry li menm (balblabla). Moun yo pa vle pran mango a rek rek. Le mango a rek depase li pete li pedi. Kounya plantè yo menm le yo we y'ap pedi tout mango yo. Yo oblige vann yon Voltije'k pare. Toutotan Selil la pokon komanse mango a rek. E mango a ap pedi paske depi'l gentan rek li tro rek li pete. Se reje li ye. Toutotan Selil la pokon komanse moun yo pa ka tann li. Yo oblige vann li ak yon Founise.

(Silans)

Eske nou menm nou gen kontak Voltije ?

Piblik : Non.

(Plizye moun ap pale an menm tan)

Mwen vle di ke eske si mango noua p gate nou ka rele on Voltije vin pran'l ?

Piblik : Non. Voltije a depi mango a bon l'ap vin jwenn nou.

Sa vle di Voltije yo se pa moun lokal yo ye ?

Piblik : Non. Yyo pa moun isit). (yo sot Gonayiv, Gwomon). (anba izin). (Mango isit bon avan mango lavil)

Tout Voltije yo se moun lavil ?

Piblik : Wi (yo pa moun andeyo isit. yo pa moun Mibale menm). (epa moun Plato Santral yo ye se moun anba)

Yo pa peyizan, tout net se moun lavil ?

Patisipan pa idantifye : Wi e[64] moun lavil. yo pa peyizan.

Patisipan pa idantifye : Gen Voltije yo. Ki fe yo oblige pafwa. Pwodikte a gendwa gen mango a. Nou menm ki nan Selil la nou se manb Selil la. Nou te ka achte'l nan men yo. Pafwa si'w pa gen kob nan men'w. Yo vann ap mango a la ou paka di anyen non. Pafwa nou menm nan Selil Kadwa nou konn gen anpil mango anndan. Nou pa janm jwenn yon anprentman pou nou kapab komanse nan mango a bone. Pafwa le Voltije yo vini yo oblige kouvri zon nan ou konprann ? Yo oblige kouvri zon nan. Si nou te gen yon mwayer nan men nou davans. Pafwa le mango a ap fet nou te ka gentan achte anpil. Nou te ka plen kliyan. Men si nou pa janm gen nan men nou sa vle di nou pap janm ka vann Voltije yo non. Se Pwoblem sa nou genyen.

(Silans)

#1 Dubuisson Fleubert; Gason; 50ane; 3timoun; Kiltivate; 2ane nan Selil; 5yem segonde; Pwoblem nan. Pwodikte ki gen pwoblem pou yo te ka vann mango a. Mwen

menm m's'on [65] ajan Selil. M'ap konfronte menm pwoblem nan. Sa pa soti o nivo manb Selil yo. Oubyen animatris. Sa soti nan o nivo'd manb Selil (blablabla). Pou'n te fe la kolet andedan Selil yo. Paske si Selil la pa gen kes. Li pa gen fon. Li pa ka oblige ede okenn manb. Sa, sa se yon bagay ke nou menm nou dwe (blablabla)

Gen yon moun k'ap ajoute yon bagay ?

Patisipan pa idantifye: (blablabla). *Eee eee kote nou bay mango a. Si'n te gen yon bagay ki te eee se yon entere ke'n te genyen. Nan, nan, nan pwodikte mango yo. Li t'ap fe tout fason pou nou te ka pran mango a. Paske li pa tap aksepte pou li ta pedi mango a. Se sa'k fe anpil pwodikte yo tou vin oblige pedi mango yo paske pa g'on entere nan men pwodikte yo. Ki fe pwodikte yo pedi mango yo a. Le yo menm y'al avek mango a. Mango ret pedi.* (blablabla)

Nou remesye chak moun ki te aksepte patisipe nan reyinyon sa avek nou.

Fen

NOT YO

[1] paske

[2] Tout Y' vle di yo

[3] Genyen

[4] Annek,jis

[5] Tout k' vle di ki

[6] Tout L' vle di li

[\[7\]](#) Pwodikte

[\[8\]](#) Paske

[\[9\]](#) Prev

[\[10\]](#) Paske

[\[11\]](#) paske

[\[12\]](#) Gen yon

[\[13\]](#) Kounya

[\[14\]](#) Kapab

[\[15\]](#) Fe pil mache,anpil pakou

[\[16\]](#) Gen yon

[\[17\]](#) Paske

[\[18\]](#) Mande yon

[\[19\]](#) Nenpot

[\[20\]](#) Gen yon

[\[21\]](#) Responsab

[\[22\]](#) Mwen menm

[\[23\]](#) Se yon

[\[24\]](#) Kounya

[\[25\]](#) oumenm

[\[26\]](#) Paske

[27] Di'w oubyen di ou

[28] Toutotan

[29] Pase anko

[30] avek

[31] oumenm

[32] Male avek

[33] Le

[34] Ki di

[35] Annek ou senpleman

[36] Menm

[37] Selil

[38] Tankou yon

[39] Valè

[40] Vole

[41] Plis

[42] Valè

[43] Ou anba

[44] Lot jou

[45] Aksepte

[46] Se

[47] Annek

[48] Se

[49] Vle

[50] Se yon

[51] Nou a

[52] Paske

[53] Plis

[54] Plis ou mwens

[55] Se

[56] Se

[57] Paske

[58] nenpot

[59] Selil

[60] Panye

[61] Epi

[62] dwe

[63] Gen yon

[64] Se

[65] Mwen se yon

